


# 7 रानीक उपहार

0224CH07



## आउ,हम सब पढ़ी।

एक समयके बात छै,राजा जगदीप अपन रानी लेल सुंदर ,नक्काशी दार पलंग बनवाबै ल’ चाहैत छलाह । ओ शहर सँ सभसँ नीक कमारके बजौलन्हि।






राजा संगहि सभ लोक भ्रान्त (परेशान ) भ' गेलाह ।




*मंत्री* द्वारा भ्रान्ति दूर करबा लेल देल गेल समाधानक चर्चा करू।



## आउ करै छी।

**निम्नलिखित वस्तु सभहक लंबाई नापबाक लेल पाठ्य-पुस्तक के उपयोग करू।**

| वस्तु सभ | अनुमानित लंबाई | वास्तविक लंबाई |
|---|---|---|
| मेज  | | |
| श्यामपट्ट  | | |
| खिड़की  | | |





## आउ करै छी।

**कविता अपन घ’र सँ विद्यालय जा रहल छथि। हुनका देरी भ’ रहल छैन्ह। जल्दी विद्यालय पहुंचबाक लेल हुनका कोन  रस्ता  सँ जयबाक चाही ? नीचां देल गेल चित्रमे चिन्हित करू।**






## आउ करै छी।

**क सँ ख  तकके सभसँ लंबा  रस्ताके चुनाव करू।**










क सँ ख  तकके सभसँ छोट  रस्ता बनाउ।

बच्चा सभके धागाके उपयोग सँ अपन चयनित रस्ताके सत्यापित करबाक लेल प्रोत्साहित करू। हुनका सभके लंबाई नापबा मे एक दोसरिक मदति कर’ लेल कहियौन्ह।







© NCERT not to be republished

## कै टा खंड (ब्लॉक )






### रिक्त स्थानक पूर्ति करू।

क. जिराफ _________ मीनार (ब्लॉक) लंबा छै।

ख. _________ 7 मीनार (ब्लॉक) लंबा छै।

ग. बंदर _________ मीनार(ब्लॉक) लंबा छै।

घ. _______5 मीनार (ब्लॉक) लंबा छै।

© NCERT not to be republished



## आउ करै छी।

**अहाँके हाथ कतेक लंबा अछि ? नीचां देल गेल जगहमे अपन हाथक निशान बनाउ आ रेखाके संख्या गिनू।**

© NCERT not to be republished



## परियोजना कार्य

अपन पसीनक कोनो औजार (रबर, ब्लॉक , पेंसिल ) के उपयोग करैत अधोलिखितके लंबाई पता करू।अपन मापके अभिलिखित करू (रेकार्ड  करू)।

- अहाँके घ’रक कोनो देबाल
- अहाँके पलंगके लंबाई
- केवाड़ के लंबाई



## कदीमाके चौपाल

चित्र देखू आ तुलना करू कि कोन तरकारी ककरा सँ हल्लुक वा भारी छै।




कदीमा बेशी भारी छै — कि तरबूज ? अहाँ की सोचै छियैक , चर्चा करू। रिक्त स्थानके पूर्ति करू।

### क.खरबूज गाजर सँ बेशी भारी छै।

क. खरबूज गाजर सँ बेशी भारी छै।

ख. शिमला मिर्च हल्लुक छै ___________सँ ।

ग. ___________ हल्लुक छै ___________सँ ।

ङ. ___________ सभ सँ बेशी भारी छै ___________।

च. ___________ सभसँ बेशी हल्लुक छै।

च. ___________ सभसँ बेशी हल्लुक छै।



## आउ करै छी।

अपन आसपास सँ किछु वस्तु सभ इकट्ठा करू। ओहि मे सँ सभसँ हल्लुक आ सभ सँ भारी के अलग करू। सभ वस्तु के ओकर वजन के हिसाब सँ बढ़ैत क्रम मे व्यवस्थित करू।

अहाँ कोना बुझै छियै जे कोन हल्लुक छै आ कोन भारी ?

### अपन तराजू बनाउ।

कागज के कप,धागा आ हैंगर के मदति सँ अपन तराजू बनाउ ,जेना कि एतय देखाओल गेल अछि। आब कोनो दू वस्तु जेना रबर, बॉल, मोती, पेंसिल,क्रेयोन इत्यादि के तुलना करू आ देखू कि कोन बेशी भारी छै।





© NCERT not to be republished



## आउ करै छी।

### सभ सँ भारी के गोला ◯ लगाउ ।

क.







ख.










## सभ सँ भारी के गोला ◯ लगाउ ।

क.





ख.







## आउ ,हम सब सोची ।

तरकारी आ फल सभ के टिक ✓ करू ,जाहि सँ तराजू के पलड़ा नीचां जेतै। हल्लुक के L (lLight), आ भारी के H (Heavy) सँ चिन्हित करू।

क.

 ✓

H



L

ख.





L

H



ग.





घ.









## आउ, हम सब करी।

एक आकार के दू टा कागज के झोरा बनाउ। एकटा के बालू सँ भरू आ दोसर के सुखायल पात सँ। दुन्नू के वजन के चर्चा करू।(कोन झोरा बेशी भारी छै)



### चित्र सभ के देखू आ नीचां चित्रमे लोक द्वारा उपयोग कएल विभिन्न प्रकार के तराजू के चर्चा करू ।

ओहि प्रकार के तराजू मे सही के निशान ✓ लगाउ ,जे अहाँ पहिने सँ देखने छी।










© NCERT not to be republished



## पार्कमे फ’ल सभ।



तरबूज आ आम सी–सॉ पर खेलाइ लेल गेलै। तरबूज एक दिस बैसै छै, लेकिन उठि नहीं पबैत छैक ।ओकर मित्र आम दोसर आम सभके दोसर दिन बैस’ लेल बजौलकै।

क. कतेक आम तरबूज के संतुलित करतै? ऊपर देल गेल चित्र सँ पता करू।

ख. कतेक नारियल तरबूजके संतुलित करतै,यदि —



=



1 नारियल के वजन

2 आम के वजन



### परियोजना कार्य

अपन परिवार के किछु सदस्य वा मित्रके नाम लिखू ,जिनकर वजन अहाँके हिसाबे--

क. लगभग अहाँके बराबर छैन्हि ____________________

ख. अहाँ सँ बेशी छैन्हि ____________________

ग. अहाँ सँ कम छैन्हि ____________________

ओहि सभ स्थानके पता लगाउ ,जतय अहाँ अपन वजन जांचि सकैत छी। अहाँके वजन कतेक अछि ?

बच्चा सभके अपन आसपास के विभिन्न वस्तु के दोसर वस्तु के तुलना मे वजन के अनुमान लगैबाक लेल प्रोत्साहित करू।







© NCERT not to be republished

## आउ,हम सभ *नेबो पानि* (शरबत) बनाबी।

रघु आ हुनकर मित्र सभ रघु के बाबी मां लेल *नेबो पानि* (शरबत) बनौलन्हि।

ओ एक गिलास *नेबो पानि* बनैबाक लेल नीचां लिखल गेल वस्तु सभ के उपयोग कएलन्हि।



क. पानि : 1 गिलास

ख. चीनी :1 चम्मच

ग. नेबो के रस : 2 चम्मच

घ. एक चुटकी नमक

आब रघु अपना लेल आ अपना दू टा मित्र लेल *नेबो पानि* बनब' लेल चाहैत छथि।रघु के 3 गिलास *नेबो पानि* बनब' पड़तैन्ह। 3 गिलास *नेबो पानि* बनब' मे लागै बला सामग्री के मात्रा लिखू।

**पानि** ____ गिलास

**नेबो के रस** ____ चम्मच

**चीनी** ____ चम्मच

**नमक** ____ चम्मच



## पता करू।

अहाँक घ'र मे बन' बला किछु पेय पदार्थ के नाम लिखू। अहाँक पसीनक पेय पदार्थ मे उपयोग होय बला सामग्री के पता लगाउ आ ओकरा नीचां लिखू।

अपन पसंदीदा पेय पदार्थ के नाम लिखू। __________

| Ingredients | Quantity |
| --- | --- |
| | |

© NCERT not to be republished



## पता करू।

### रघु के बोतल चारि गिलास पानि सऽ भरल छै।

क. कै गिलास पानि अहाँके बोतल के भरत?

ख. कै गिलास पानि अहाँके मित्र के बोतल के भरत?

ग. अहाँके मित्रके बोतल बराबर / बेशी / कम पानीके मात्रासँ भरैत अछि ?



### मित्रके नाम लिखू जकर बोतलमे अंटै छै —

क. अहाँक बोतलक बराबर पानि

ख. अहाँक बोतल सँ कम पानि

ग. अहाँक बोतल सँ बेशी पानि



## परियोजना कार्य

एकटा *जलतरंग* (वाद्ययंत्र ) बनैबा हेतु 5-7 एक तरहके गिलास वा बाटीके व्यवस्था करू। ओकरा सभमे अलग-अलग स्तर पर पानि भरू। चम्मचसँ सभ गिलास वा बाटीके धीरेसँ ठोकू आ सुनू कि केहन आवाज होइत छै। अंतर बुझबा लेल गिलास वा बाटीके अलग अलग हिस्सामे ठोकू।

हमरा सभहक जीवनमे पानिके उपयोग आ महत्व पर चर्चा करू। पानिके उचित उपयोग आ बर्बादी नै होमय, अहि विषयमे सेहो चर्चा करू।



© NCERT not to be republished

